Pou Piblikasyon Imedya: 09/10/2019 **GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE HORNELL KÒM GAYAN 10 MILYON DOLA NAN SOUTHERN TIER NAN KAD KATRIYÈM FAZ INISYATIV REVITALIZASYON ANBA LAVIL LA

Eta a Pral Kolabore ak Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Southern Tier a pou Revitalize Anba Lavil Hornell lan

Sa fè pati Apwòch Global Gouvènè a genyen pou l Transfòme Kominote yo pou yo Vin Tounen Katye Dinamik epi Ranfòse Ekonomi Lokal la

Envestisman Revitalizasyon Anba Lavil la konplete "Southern Tier Soaring" – ki se estrateji global rejyon an pou revitalize kominote yo ak devlope ekonomi an

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ke Hornell pral resevwa 10 milyon dola finansman kòm gayan nan Southern Tier a nan kad katriyèm faz Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la (Downtown Revitalization Initiative, DRI). Menm jan ak nan twa premye faz DRI a yo, yo chwazi yon minisipalite nan chak 10 rejyon devlopman ekonomik rejyonal eta a yo kòm yon gayan 10 milyon dola, sa ki ap make yon lòt objektif jeneral eta genyen pou sible 100 milyon dola nan finansman ak envestisman pou ede kominote yo estimile ekonomi yo lè yo ap transfòme anba lavil yo pou yo vin tounen katye ki dinamik kote pwochèn jenerasyon moun New York yo pral vle viv, travay ak elve yon fanmi.

"Avèk finansman sa a Hornell gen yon gwo opòtinite pou amelyore zòn anba lavil li an ak pou asire yon pi bon kalite lavi pou rezidan yo, ansanm ak yon avni ekonomik pi solid pou rejyon an", **Gouvènè Cuomo te deklare**. "Nou wè yon revèyremakab nan tout kominote yo nan Southern Tier nan New York kòm yon rezilta envestisman estratejik atravè pwogram tankou Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la, ak nou pral kontinye travay avèk ak ekipe kominote sa yo pandan yo ap travay pou ogmante aktif lokal yo pi plis."

"Avèk finansman ki soti nan Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la, Hornell pral kapab re-imajine avni li epi envesti nan pwojè kle pou devlope ekonomi lokal la", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Mwen ale nan kominote DRI yo atravè New York, epi mwen wè ak grenn je m transfòmasyon ki fèt ak envestisman sible sa a. Kounye a Vil Hornell pral kòmanse yon plan efò a pou sipòte pwojè lokal yo ak atire biznis nan zòn nan, pou ede ranfòse tout rejyon Southern Tier a."

Hornell

Anba Lavil Aksesib Hornell, Lokalize sou fwontyè lwès nan Konte Steuben, mennen nan yon gran ri laj antoure ak anpil ti biznis, estrikti istorik valab, ak opsyon rezidansyèl itilizasyon-miks ke yon kominote atizanal kap grandi anime ak patenarya solid ak

enstitisyon edikatif ki tou pre a. Dènye envestisman nan opsyon lojman lokal yo, enstalasyon fabrikasyon, ofrann atistik ak kiltirèl, sant swen sante, devlopman komèsyal ak itilizasyon melanje, ak enfrastrikti piblik, ki enkli yon prim Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò (Upstate Revitalization Initiative) ke yo remèt ak Sant Ekselans Manifakti Tranpò Tren Alstom Transportation te mete kanpe yon etap pou rezurjans nan yon kominote ki toujou konte sou enpak dirab nan renouvèlman iben. Prim DRI a pral pèmèt Hornell pou kontinye detant lè li sipòte opòtinite kiltirèl, istorik, edikatif, lwazi, atistik, dine, ak opòtinite nesesè pou vann an detay pou soutni yon mendèv solid, sitwayen ki angaje, ak yon nivo de vi ki wo.

Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Southern Tier an (Southern Tier Regional Economic Development Council) te pase atravè yon pwosesis revizyon konpetitif pou pwopozisyon ki soti nan kominote yo ki atravè rejyon an, epi li te konsidere tout sèt kritè ki anba la yo anvan ke yo rekòmande Hornell kòm chwa li pou gayan:

- Anba lavil la dwe konpak, ak limit ki byen defini;
- Anba lavil la ka kapitalize sou envestisman prive ak piblik yo te fè avan yo epi katalize sila k ap fèt nan katye a ak zòn ki ozalantou yo alavni;
- Kantite pòs travay yo dwe te ogmante resaman oswa yo gen pou ogmante anndan, oswa nan zòn ki touprè sant vil la yo ki ka atire travayè yo vin nan sant vil la, sipòte redevlopman epi rann kwasans lan dirab;
- Anba lavil la dwe se yon kominote ki vivab epi ki atiran pou divès popilasyon ki gen tout laj, ki gen ladan rezidan aktyèl yo, milenyè yo ak travayè kalifye;
- Minisipalite a dwe deja adopte oswa gen kapasite pou kreye epi reyalize politik k ap ogmante vivabilite ak amelyore kalite lavi, ki gen ladan itilizasyon bank fonsye lokal yo, kòd repatisyon zòn ak estanda pakin modèn, plan ri konplè, pwojè ki pwomouvwa efikasite enèjetik, travay ekolojik, ak devlopman ki akse sou transpò komen;
- Minisipalite a dwe mennen yon pwosesis angajman kominotè ki djanm epi ouvè ki ap abouti an yon vizyon pou revitalizasyon anba lavil ak yon lis preliminè pwojè ak inisyativ ke y ap kapab mete nan yon Plan Envestisman Estratejik (Strategic Investment Plan) DRI; epi
- Minisipalite a te idantifye pwojè transfòmatif yo ki pral prè pou reyalizasyon gras a yon enfizyon finansman DRI yo nan lespas premye youn oswa de ane yo.

Viktwa Hornell lan nan kad katriyèm faz DRI a ba li dwa pou li resevwa 10 milyon dola nan finansman ak envestisman eta pou revitalize katye anba lavil li yo epi kreye nouvèl opòtinite pou kwasans alontèm. Kounye a Hornell rejwenn Vil Elmira ak vilaj Watkins Glen ak Owego, ki te venkè nan Southern Tier nan kad twa premye etap DRI yo, respektivman.

Komisè Pwovizwa, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral yo nonmen pou Empire State Development, Eric Gertler te deklare, "Envestisman Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la reflete angajman nou nan opòtinite ekonomik pa sèlman nan vil Hornell, men nan tout Southern Tier a. Efò nou yo pral asire rezidan yo nanrejyon sa a ap benefisye de kreyasyon anplwa ak devlopman biznis kounye a ak byen nan tan kap vini".

Rossana Rosado, ki se Sekretè Deta Eta New York, te deklare, "Vil Hornell se yon kominote vibran ki pare pou jenere kwasans ekonomik solid pou vin yon motè komèsyal

nan rejyon an. Gras ak Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil Gouvènè a, Hornell ap kontinye bati sou plan ekonomik pou pouse devlopman iben, anplwa, ak kominote kote moun kapab viv, travay ak leve yon fanmi".

RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York la (New York State Homes and Community Renewal), te deklare, "Envestisman 10 milyon dola sa ki soti nan Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la pral ede bati yon avni pi fò pou Hornell epi kenbe Southern Tier wo. Gouvènè Cuomo ap delivre nouvo djòb ak opòtinite lojman, kwasans biznis ak anba lavil ki pi dinamik ki ap fè gran vil, vil ak vilaj New York yo yon pi bon kote pou viv ak yon destinasyon pou vizitè yo Atravè pwogram estratejik sa a".

Senatè Tom O'Mara te deklare, "Nou rekonesan pou envestisman enpòtan nan eta sa a nan pou avni Hornell ak tout rejyon Southern Tier a. Hornell ofri fondasyon entèresan ke ou ka bati sou li, kòmanse ak siksè enkwayab Alstom nan ak anpil endistri ki sipòte konsepsyon ak konstriksyon premye tren gwo-vitès Amerik la. Nou espere ke sipò enpòtan sa nan eta a pral kontinye avanse revitalizasyon kominote ak kwasans ekonomik a kout tèm ak alontèm. Nou kontinye apresye angajman ak lidèchip Gouvènè Cuomo ak administrasyon li an, konsèy devlopman ekonomik rejyonal nou an, ak anpil lòt lidè lokal paske nou pran mezi enpòtan sa yo pou lanse devlopman ekonomik ak kominotè atravè tout rejyon an. Kòm nou kontinye bati estrateji pou yon avni pi fò pou rejyon Southern Tier a, envestisman sa a nan Hornell ap kontinye ede vil la avanse pi devan, revitalize anba lavil la pou biznis ak pou rezidan yo, epi ankouraje yon transfòmasyon ki pral nan benefis tout zòn nan".

Marjorie Byrnes, ki se Manm Asanble a te dieklare, "Se yon gwo jou pou Vil Hornell. Gouvènman lokal la, pwopriyetè ti biznis yo, ak manm kominote yo te travay di pou kreye yon distri biznis ki akeyan ak pwospè Finansman sa a pral pèmèt yon revitalizasyon plis avanse nan zòn anba lavil la ak yon elan fòmidab pou kominote biznis la".

Ko-Prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Council) Southern Tier Harvey Stenger, Prezidan Binghamton University, ak Judy McKinney Cherry, Direktè Ekzekitif, Patenarya Konte Schuyler pou Devlopman Ekonomik (Schuyler County Partnership for Economic Development, SCOPED) te deklare, "Vil Hornell se yon kandida trè merite pou envestisman sa a ki pral fokis sou renovasyon ak ogmantasyon nan zòn anba lavil la ki pral nan benefis rezidan yo ak vizitè yo, transfòme sant vil la an yon vrè destinasyon pou Nouyòkè yo ak ale pi lwen ke sa".

Jack K. Wheeler, ki se Manadjè Konte Steuben, te deklare, "Konte Steuben nan trè rekonesan anvè eta a ak Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal la pou prim 10 milyon dola Hornell la nan finansman DRI yo. Ofisyèl yo nan tout nivo nan gouvènman an ak endistri travay di anpil pou devlope yon aplikasyon konvenkan, epi nou kontan paske li te pote siksè. Hornell ap fè eksperyans ak yon rezurjans sou plizyè chan aktivite epi fon sa yo pral jwe yon wòl enpòtan nan efò pou devlopman yo".

John Buckley, ki se Majistra Hornell, te deklare, "Genyen DRI a se yon pwen enpòtan pou Vil Hornell la. Pwojè ki te sèlman yon rèv otrefwa kapab devni yon reyalite kounye a. Sibvansyon sa a pral ouvri pòt opòtinite ekonomik ak pouse Vil la nan yon

nivo pi wo. Nou voye yon remèsiman sensè bay Gouvènè Andrew Cuomo ak Gouvènè Adjwen Kathy Hochul paske yo fè gwo envestisman ki fè anpil enpak sa nan Maple City. Mwen ta renmen tou remèsye Senatè Tom O'Mara ak Manm Asanble Marjorie Byrnes pou tout sipò yo nan posesis la. Jou sa a posib akoz efò ekip sa te fè e mwen fyè pou m travay ansanm ak anpil moun ki devwe e ki gen talan. Pandan n ap gade nan direksyon yon avni ki plis biyan, annou selebre jodi a, paske nou gen anpil rezon pou nou rekonesan".

Kounye a, Hornell pral kòmanse pwosesis devlopman yon Plan Envestisman Estratejik pou revitalize anba lavil li a gras a jiska 300,000 dola nan fon pou planifikasyon yo ki soti nan sibvansyon 10 milyon dola DRI a. Yon Komite Planifikasyon Lokal (Local Planning Committee) ki gen ladan reprezantan minisipal yo, lidè kominotè yo ak lòt pati konsène yo pral dirije efò sa, epi y ap resevwa sipò nan men yon ekip espesyalis nan sektè prive a ak planifikatè eta a yo. Plan Envestisman Estratejik pou anba lavil Hornell la pral egzamine atou ak opòtinite lokal yo, epi idantifye pwojè devlopman ekonomik, transpò, lojman, ak pwojè kominotè yo ki an liy ak vizyon kominote a genyen pou revitalizasyon anba lavil la, epi ki pare pou reyalizasyon. Plan Envestisman Estratejik pou Anba Lavil Hornell la pral gide envestisman fon sibvansyon DRI yo anvè pwojè revitalizasyon ki pral fè vanse vizyon kominote a genyen pou anba lavil li a, epi ki ka rantabilize ak ajoute sou envestisman 10 milyon dola eta a ap fè a. Plan pou katriyèm faz DRI a pral fin konplete an 2020.

Plis enfòmasyon sou Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la disponib isit la.

Akselere "Southern Tier Soaring"

Anons jodi a konplemante "Southern Tier Soaring", ki se plan direktè global rejyon an pou jenere kwasans ekonomik solid ak devlopman kominotè. Depi 2012, Eta te deja envesti plis pase 6.2 milya dola nan rejyon an pou tabli fondasyon pou plan an– lè li atire yon mendèv ki plen talan, devlope biznis epi pwomouvwa inovasyon. Jounen jodi a, chomaj la desann nan pi ba nivo li depi anvan Gwo Resesyon an; taks sou revni pèsonèl ak taks sou antrepriz yo bese; epi biznis yo ap chwazi zòn tankou Binghamton, Vil Johnson ak Corning kòm destinasyon pou devlope epi envesti. Kounye a, rejyon an ap akselere inisyativ Southern Tier Soaring lan gras a yon envèstisman 500 milyon dola eta ap fè atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Eta a, ke Gouvènè Cuomo te anonse nan mwa Desanm 2015 lan. Envestisman 500 milyon dola eta a ap ensite biznis prive yo envesti plis pase 2.5 milya dola – e plan rejyon an, jan yo soumèt li a, prevwa kreyasyon jiska 10,200 nouvo djòb. Gen plis enfòmasyon ki disponib isit la.

###